

# WIDA ACCESS

## Konprann Nòt Pitit Ou





WIDA ACCESS se yon egzamen konpetans lang angle ki mezire kapasite sa yo nan kat domèn lang yo: Koute, Pale, Li ak Ekri. Yo administre WIDA ACCESS bay elèv depi matènèl rive nan 12yèm ane ki idantifye kòm aprenan lang angle..

### Kijan yo Itilize Nòt Egzamen WIDA ACCESS yo?

Egzamen an ede pwofesè yo konprann si elèv yo toujou bezwen sèvis sipò lengwistik nan lang angle. Pou swiv pwogrè pitit ou, pwofesè yo revize travay lekòl li ansanm ak nòt egzamen WIDA ACCESS li. Ou ka itilize enfòmasyon egzamen an pou defann dwa pitit ou lekòl la.

Distri lekòl yo itilize nòt WIDA ACCESS pou swiv pwogrè elèv yo epi reponn egzijans federal ak eta yo pou rann kont.

### Ki Diferan Nòt ki nan Rapò Endividyèl Elèv (Individual Student Report) WIDA ACCESS Pitit Mwen an?

Domèn Lang
<b>Koute</b> 
<b>Pale</b> 
<b>Li</b> 
<b>Ekri</b> 
<b>Lang Oral</b> 50 % Koute + 50 % Pale
<b>Lekti-Ekri</b> 50 % Li + 50 % Ekri
<b>Konpreyansyon</b> 70 % Li + 30 % Koute
<b>Nòt Global*</b> 35 % Li + 35 % Ekri + 15 % Koute + 15 % Pale

Rapò Endividyèl Elèv la montre nòt WIDA ACCESS pitit ou nan uit kategori diferan.

#### Domèn Lang

Kat nan kategori sa yo se domèn lang yo: **Koute, Pale, Li** ak **Ekri**. Elèv yo itilize kapasite koute, pale, li ak ekri yo pou aprann nan klas, pataje enfòmasyon, epi diskite lide.

#### Nòt Konbine

Kat nòt domèn lang yo konbine pou kreye kat tip nòt siplemantè:

- Kategori **Lang Oral** la se yon konbinezon nòt Koute ak Pale pitit ou.
- Kategori **Lekti-Ekri** an se yon konbinezon nòt Li ak Ekri pitit ou.
- Kategori **Konpreyansyon** an se yon konbinezon nòt Koute ak Li pitit ou. Konpreyansyon an depann plis sou nòt Li pase sou nòt Koute a.
- **Nòt Global** la se yon konbinezon nòt kat domèn lang yo ansanm. Nòt Global la depann plis sou nòt Li ak Ekri pase sou nòt Koute ak Pale.

*Egzanp kijan kategori nòt yo parèt nan Rapò Endividyèl Elèv la.*

Nivo Konpetans (Posib: 1.0–6.0)						Nòt Echèl (Posib: 100–600) ak Maj Erè Gade <b>Interpretive Guide for Score Reports</b> pou definisyon					
1	2	3	4	5	6	100	200	300	400	500	600
2.2						283					
2.5						271					
2.9						334					
4.7						389					

Egzanp kijan nòt nivo konpetans ak Nòt Echèl yo parèt nan Rapò Endividyèl Elèv la.

## Nòt Nivo Konpetans ak Nòt Echèl

Pou chak nan uit kategori Rapò Endividyèl Elèv la, gen de nòt:

- **Nòt nivo konpetans** yo sitye kapasite aktyèl pitit ou nan youn nan sis nivo konpetans lang angle WIDA yo. (Nivo konpetans yo pa gen rapò ak klas lekòl elèv la.) Pati anba Rapò Endividyèl Elèv la decri kapasite lang ki tipik pou nivo konpetans pitit ou.
- **Nòt Echèl** se meziman presi sou kijan pitit ou te fè nan egzamen an. Pwofesè yo itilize nòt sa yo pou konprann konbyen kapasite pitit ou nan lang angle te grandi depi dènye fwa pitit ou te pran egzamen WIDA ACCESS la.

## Kesyon Ou Ka Poze Pwofesè Pitit Ou yo

- Èske pitit mwen ap fè pwogrè nan devlopman kapasite li nan lang angle?
- Anplis nòt WIDA ACCESS yo, ki lòt enfòmasyon ou itilize pou mezire pwogrè?
- Kijan ou decide ki lè pitit mwen sispann resevwa sèvis sipò lengwistik nan lang angle?
- Ki sa pitit mwen ak mwen ka fè lakay pou nou travay sou kapasite pitit mwen nan lang angle?

